

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens
14, Ri Waag, Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix
Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

Mwa oktòb rive desanm 2018

Masak Lasalin :

Rezilta twòp lese grennen lese ale, twòp konplisite otorite ak zak vyolans, epi yon Leta ki refize pran responsablite l.

69

Orijinal an kreyòl
Texte en français : voir pages 3 et 14-20
Résumé en anglais, p. 4 ; en espagnol, p. 5
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source

Lèt toulouvri pou tout Otorite Egzekitif, Lejislatif, Jidisyè ak Polisyè nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens salye nou ak anpil respè.

Rapò sa a note pi plis ensekirite nan kapital la, sitou nan lavil Pòtoprens, espesyalman nan zòn Lasalin kote nan kad yon masak yo touye plizyè dizèn moun. Jistis ak Lapè kondane vyolans sa a. Twòp moun pèdi vi yo nan peyi a, twòp moun blese, twòp dega materyèl. Sitwayen ak sitwayèn nan peyi nou an pa merite sa. Reskonsablite nou menm Otorite genyen nan peyi a, se kreye kondisyon pou sa pa fèt.

Nan non lafwa nou nan Bondye Lavi a, ki kreye n pòtre ak li, nou di byen fò : otorite yo dwe pran reskonsablite yo pou kreye kondisyon pou moun kapab viv kòm moun, pou anpeche malfektè ak kriminèl pran peyi a pou yo, pou gen bon kondisyon pou gen lapè ak tolerans nan mitan sitwayen ak sitwayèn yo.

Sitou, Komisyon an mande pou gen plis **transparans ak onètete** lakay nou menm ki otorite. Politik la dwe tounen yon espas kote moun ki kapab ak konpetan òganize sa ki nan enterè tout moun pou byen yon popilasyon. Se sa n ap tann nan men nou.

Refleksyon nou nan rapò sa a poze kesyon sou makonnay ki genyen ant otorite ak gwoup ak zam nan peyi a.

- Kilès ki otè zak vyolans yo ?
- Ki rapò ki genyen ant lapolis ak gwoup ki gen zam?
- Nan ki fason yon seri otorite mele nan reyalite vyolans nan peyi a?
- Nou konstate anpil langaj vin mele: èske chèf gang se militan politik? Eske yo se bandi ? Oubyen èske yo se byenfètè sosyal ? Si konfizyon sa a kapab fèt, se paske gen moun nan diferan wòl Leta ki ede yo kreye konfizyon sa a anndan sosyete nou an.
- Nou dakò ak nòt OPC ki montre, **se neglijan ak move tolerans nan tan pase yo ki mennen n kote n ye jodi a.** Men se reskonsablite otorite ki la yo ak tout politisyen pou drese sitiyaasyon an.

Tout sa dwe fèt nan respè pou diyite ak dwa chak aktè nan sosyete a genyen. Komisyon an repete l devan tout otorite : wòl ak misyon nou se reyalize sa k bon pou tout moun nan sosyete nou an. Politik la pa dwe yon batay pou kèk moun jwenn yon moso pouvwa pou reyalize enterè pa yo ak sa k pou zanmi yo. Peyi nou an soufri twòp. Li lè, li tan pou n chanje fason n konprann otorite ak pouvwa epi pou n konstwi yon peyi ki bon pou tout moun. Se sa listwa n merite, se sa sitwayen ak sitwayèn yo merite. Se sa pitit nou yo merite.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout otorite nan Leta a ki pèmèt yo verifye kèk enfòmasyon oswa done, tankou Lapolis Nasyonal d Ayiti (PNH). Komisyon an salye nou epi remèsye nou pou bon akèy n ap bay 69vyèm rapò sa a.

Lettre ouverte aux Autorités Exécutives, Législatives, Judiciaires et Policières du pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix, en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement.

De nouveau l'insécurité fait rage dans la zone métropolitaine. Au mois de novembre 2018, plusieurs groupes armés, provenant d'autres quartiers dans la zone métropolitaine ont débarqué dans la zone de La Saline au bas de la ville de Port-au-Prince, pour tuer et blesser plusieurs dizaines de personnes.

La complicité des autorités étatiques avec le gangstérisme n'est plus un secret pour personne. **La question se pose donc: Comment porter nos Autorités à se ressaisir, à adopter des attitudes plus responsables, plus respectueuses de la dignité de leur concitoyens et concitoyennes, plus imprégnés de conscience et de préoccupation réelle pour le pays ?**

Ce rapport fait constat d'une insécurité galopante dans la capitale, surtout dans la ville de Port-au-Prince, dans la zone de La Saline où dans le cadre d'un massacre, plusieurs dizaines de personnes ont été tuées et blessées. Justice et Paix condamne vigoureusement cette violence gratuite. Trop de morts suite à la violence, trop de blessés, trop de dégâts matériels. Les citoyens et citoyennes de ce pays méritent autre chose. Notre responsabilité à nous, nous-mêmes Autorités du pays, est de créer les conditions de prévention pour que des faits de ce genre ne se produisent pas.

Au nom de notre foi dans le Dieu de la Vie, qui nous crée à son image, nous déclarons à haute voix : les Autorités de ce pays doivent prendre leur responsabilité et créer des conditions qui permettent aux gens de vivre dignement comme personne humaine ; ils doivent empêcher des criminels et assassins de prendre le pays en otage ; ils doivent créer de bonnes conditions pour faire avancer la paix et la tolérance entre les habitants du pays.

Surtout, la Commission insiste pour qu'il y ait **plus de transparence et d'honnêteté** chez vous, Autorités. La politique doit devenir un espace où des gens capables et compétents puissent organiser le pays dans le sens du bien commun, dans l'intérêt de tous et de toutes. Voilà ce nous attendons de vous.

Les réflexions dans ce rapport posent la question des liens entre les autorités et les groupes armés dans le pays :

- Qui sont les auteurs de la violence ?
- Quels sont les rapports entre la police et les groupes armés ?
- Comment certaines autorités et politiciens sont impliqués dans la violence dans le pays.
- Il y a une question de langage : Est-ce que les chefs de gang sont des militants politiques ? Sont-ils des bandits de droit commun ? Ou bien sont-ils des bienfaiteurs sociaux ? Si cette confusion est possible, c'est pour la simple raison que des gens aux différents niveaux de l'Etat permettent et s'en servent pour faire valoir leurs intérêts.
- La Commission est d'accord avec cette affirmation de l'OPC qui indique que les négligences et mauvaises tolérances du passé nous conduisent là où nous en sommes. Mais il appartient à celui qui détient l'autorité aujourd'hui de redresser la situation.

Tout cela doit se faire dans le respect pour la dignité et les droits de chaque acteur social. La Commission le répète devant toute autorité : votre rôle est de réaliser le bien commun de notre société. La politique ne

doit pas être un champ de bataille pour la conquête d'un morceau de pouvoir qui alors permettrait de s'enrichir ensemble avec ses amis.

Le pays souffre trop. Le moment est arrivé pour comprendre que l'autorité et le pouvoir sont des forces pour construire un pays. C'est ce que notre pays mérite de par son histoire, pour les gens qui l'habitent aujourd'hui et pour le bien de nos enfants.

Le Secrétariat de la Commission remercie les Autorités étatiques qui lui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme la PNH (Police Nationale d'Haïti). La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 69^{ième} rapport.

Open Letter to the Executive, Legislative, Judiciary and Police Authorities of the Country

The National Episcopal Commission on Justice and Peace and the Justice and Peace Commission of the Archdiocese of Port-au-Prince, respectfully greet you. Once again insecurity is raging in the metropolitan area of Port-au-Prince. In November 2018, several armed groups from different suburbs in the metropolitan area invaded the La Saline area in downtown Port-au-Prince, to kill and maim dozens of people.

The complicity of State authorities with gangsterism is no longer a secret to anyone. The question then arises: How can we bring our Authorities to finally open their eyes, to adopt a more responsible attitude which is more respectful of the dignity of their fellow citizens, to be more imbued with conscience and real concern for the country?

This report testifies to a situation of rampant insecurity in the capital, especially in the city of Port-au-Prince, in the La Saline area where several dozens of people were killed and wounded during a large-scale massacre. Justice and Peace vigorously condemns this gratuitous violence. Too many people were killed or wounded as a result of the violence, and too much material damage is left behind. Citizens, men and women, of this country deserve something else. Your responsibility as Authorities of the country, is to create the conditions that prevent this kind of events from happening.

In the name of our faith in the God of Life, who created us in his image, we declare with a loud voice: **the Authorities of this country must take their responsibility and create conditions that allow people to live with dignity as human beings; they must prevent criminals and assassins from holding the country hostage; they must create the necessary conditions to allow peace and tolerance to reign among the people of the country.**

Above all, the Commission insists that as Authorities, you must act with the utmost transparency and honesty. Politics must become a space where capable and competent people **organize themselves to govern the country for the common good and in the interest of all.** That's what we expect from you.

The reflections in this report raise questions concerning the links between the authorities and the armed groups in the country:

- Who are the perpetrators of the violence?
- What is the relationship between some members of the police and some of the armed groups?
- In what manner are certain authorities and politicians involved in the violence in the country?

- There is a question of language: Are gang leaders political activists? Are they common criminals? Or are they social benefactors? If this confusion is allowed to exist, it is for the simple reason that people at different levels of the State use it to advance their own interests.
- The Commission agrees with the statement made by the OPC that neglect and tolerance for past crimes have brought us where we are now. But it is up to whoever is in a position of authority today to redress the situation.

All this must be done with respect for the dignity and rights of every social actor. The Commission repeats it before all authority: **your role is to achieve the common good of our society.** Politics must not be a battlefield for the conquest of a piece of power which then allows one to enrich oneself together with one's friends.

The country is suffering too much. The time has come to understand that authority and power are forces to build a better country. This is what our country deserves to honor its history, to respond to the needs of those living today and to assure the future for our children.

The Secretariat of the Commission thanks the State Authorities who have allowed it to verify certain information and data, such as the PNH (National Police of Haiti). The Commission greets you and thanks you for your kind attention to this 69th report.

Carta abierta a las Autoridades Ejecutivas, Legislativas, Judiciales y Policiales del País

La Comisión Episcopal Nacional de Justicia y Paz con la Comisión de Justicia y Paz de la Arquidiócesis de Puerto Príncipe, los saludan respetuosamente.

Una vez más, la inseguridad está invadiendo el área metropolitana. En noviembre del 2018, varios grupos armados de zonas aledañas al área metropolitana entraron en La Saline, en la parte inferior de la ciudad de Puerto Príncipe, para matar y herir a decenas de personas.

La complicidad de las autoridades estatales con el gangsterismo ya no es un secreto para nadie. Entonces surge la pregunta: ¿Qué podemos hacer para que nuestras Autoridades se reconcilien, y adopten actitudes más responsables y más respetuosas de la dignidad de sus conciudadanos; qué hacer para que se conviertan en hombres y mujeres, con conciencia social y verdaderamente preocupados por el país?

Este informe muestra una inseguridad desenfrenada en la capital, especialmente en la ciudad de Puerto Príncipe, en el área de La Saline, donde en el contexto de una masacre, varias docenas de personas murieron y otras resultaron heridas. Justicia y paz condena enérgicamente esta violencia gratuita: Demasiadas muertes como resultado de la violencia, demasiadas lesiones, demasiado daño material. Los ciudadanos de este país merecen algo más. La responsabilidad de las Autoridades del país, es crear las condiciones de prevención para que no ocurran hechos de este tipo.

En nombre de nuestra Fe en el Dios de la Vida, que nos creó a su imagen, declaramos en voz alta: las autoridades de este país deben asumir su responsabilidad y crear condiciones que permitan a las personas vivir con dignidad como personas humanas que son; deben evitar que los criminales y asesinos tomen como rehen al país; deben crear condiciones para promover la paz y la tolerancia entre los ciudadanos.

Sobre todo, la Comisión insiste en que las Autoridades sean más transparentes y honestos. La política debe ser un espacio donde personas capaces y competentes puedan organizar el país buscando siempre bien común y el interés de todos. Eso es lo que esperamos de ustedes.

Las reflexiones en este informe plantean la cuestión de los vínculos entre las autoridades y los grupos armados en el país:

- ¿Quiénes son los perpetradores de la violencia?
- ¿Cuál es la relación entre la policía y los grupos armados?
- Cómo ciertas autoridades y políticos están involucrados en la violencia en el país.
- Hay una cuestión de lenguaje: ¿Los líderes de pandillas, son activistas políticos? - ¿Son delincuentes comunes? - ¿O son benefactores sociales? Si esta confusión es posible, es por la sencilla razón de que las personas en diferentes niveles del Estado lo permiten y lo utilizan para hacer valer sus propios intereses.
- La Comisión está de acuerdo con esta declaración de la OPC (Oficina del Protector del Ciudadano ..) la negligencia y las malas tolerancias del pasado nos llevan a donde estamos. Pero los que tienen hoy la autoridad, tienen también la responsabilidad para corregir la situación.

Todo esto debe hacerse respetando la dignidad y los derechos de cada actor social. La Comisión lo repite para todas las Autoridades: su papel es lograr el bien común de nuestra sociedad. La política no debe ser un campo de batalla para la conquista de una pieza de poder que permita enriquecerse junto con los amigos.

El país está sufriendo demasiado. Ha llegado el momento de comprender que la autoridad y el poder son fuerzas para construir un país. Esto es lo que nuestro país merece por su historia, por las personas que viven allí hoy y por el bien de nuestros niños.

La Secretaría de la Comisión agradece a las Autoridades estatales que le permitieron verificar cierta información y datos, como la PNH (Policía Nacional de Haití). La Comisión le saluda y le agradece su amable atención a este 69° informe.

Mme Jocelyne COLAS NOEL, Directrice Nationale

Joël JOSEPH, Secrétaire Général de Jilap Port-au-Prince

M. Jean Bernard MARCELIN, Responsable de l'Observation

Port-au-Prince, 15 mars 2019

ADVENIAT



Obsèvasyon an ak piblikasyon rapò sa a kapab fèt gras ak konkou finansye Adveniat / Almay.
 Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki responsab sa ki ekri nan rapò sila a.
 Nenpòt moun ki sèvi ak rapò sa a dwe bay sous la.

Tablo mwa Oktòb rive Desanm 2018
Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

		Mwa Oktòb 104 viktim	Mwa Novanm 130 Viktim	Mwa Desanm 35 viktim
a. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		-	3	2
Fanm ki viktim		11	17	-
Timoun ki viktim		-	1	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		90	102	20
Viktim yo konnen kilès		14	28	15
b. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		96	108	30
	Moun ki mouri ak bal lapolis	-	2	3
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis	11	3	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	40	63	7
	Viktim afwontman ant gang	26	25	3
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	19	15	17
	Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	1	13	-
	Moun ki touye tèt yo	-	-	-
	Moun ki mouri nan aksidan	7	9	5
	Moun ki mouri nan move tan	-	-	-
	Lòt kòz ak sa yo pa konnen	-	-	-
c. Sou kèk katye : ki kote				
	Komin Pòtoprens	38	90	15
	Komin Site Solèy	3	1	-
	Komin Kafou	9	3	4
	Komin Dèlma	4	9	2
	Komin Petyonvil, wout Frè	1	1	1
	Komin Taba	-	-	4
	Komin kwadèboukè	49	26	9
d. Sou kèk lòt sikonstans				
	Moun ki mouri sou etikèt vòlò	-	1	-
	Etikèt kidnapè/bandi	-	-	-


Sa ki te atire atansyon nou nan dènye trimès 2018 la

Pou peryòd katriyèm trimès pou lane 2018 la, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè obsève nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan 269 ka moun ki mouri ak zak vyolans. Pami yo genyen 234 moun ki mouri ak bal. Pou tout ane 2018 la, Komisyon an obsève epi rejistre an total 819 ka moun ki mouri, ladan yo : 651 moun ki mouri ak bal ak 29 lòt mouri ak zam blanch (sa fè 680 ka kote moun ap touye moun nan yon zak kriminel), 119 moun mouri nan aksidan machin, moto ak lòt, 5 moun ki mouri nan move tan, 6 ka moun ki touye tèt yo ak 9 lòt moun ki mouri san nou pa konn kòz lanmò yo. Komisyon an byen konsyan li pa konn tout ka kote moun mouri anba vyolans nan zòn metwopolitèn nan, men li kwè chif sa yo kapab ede otorite ki reskonsab yo mete pi bon plan sekirite sou pye pase sa k genyen kounye a.

Konsta yo :

1. Reyalite vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan vin pi mal seryèzman nan dènye tan sa yo, sitou lè nou konsidere kantite moun ki mouri ak bal ak zam blanch yo, ki depase tout sa n te obsève epi rejistre pandan de (2) dènye lane ki pase yo. Gen moman nou te dokimante yon mwayèn de (2) ka moun ki mouri ak bal chak jou. Pou kounye a, sitou nan mwa novanm 2018 la, Komisyon an rejistre yon mwayèn twa (3) moun ki viktim chak jou anba bal ou zam blanch.
2. Depi kèk lane, Komisyon an konstate fenomèn ensekirite a ak zak kriminalite yo gaye toupatou nan tout zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Vyolans lan pa mare sèlman nan kèk zòn an patikilye, men pito tout kote, sepandan gwo zak vyolans yo konn deplase soti nan yon zòn ale nan yon lòt. Nou kapab pran kòm egzanp, pou finisman lane 2018 la, zak vyolans yo te konsantre nan kèk zòn tankou : Matisan ak Lasalin nan Pòtoprens. Men tou, genyen anpil zak kriminalite nan zòn Kanaran ki nan komin Kwadèboukè.

Tablo ki konpare zak vyolans ki te pase nan lane 2017 ak lane 2018 la



3. Komisyon an konstate sitiyasyon peyi a te viv nan mwa novanm 2018 la pi mal pase jan sa te ye pandan tout lòt mwa nan ane sa a, sitou ak sa ki te pase nan zòn Lasalin nan. Dènye zak babari sa a, leve plim sou do yon pakèt òganizasyon k ap defann dwa moun nan peyi a. E òganizasyon sa yo te soti rapò sou sa ki te pase nan zòn Lasalin lan.
 - Pou Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun yo (RNDDH), nan yon rapò ankèt yo te pibliye jou ki te 1^e desanm 2018 la, yo kalifye zak sila a tankou yon : « masak Leta fè – massacre d’Etat ». Nan rapò ankèt sa a, RNDDH di li rejistre 59 moun ki mouri plis 12 lòt moun ki mouri jou ki te 13 novanm 2018 la, sa fè yon total 71 moun ki mouri. Mete sou sa kat (4) fanm endividi ak zam te vyole nan moman an ak yon kantite moun ki te blese ak sa ki te sibi lòt kalte domaj. Anpil moun te blije deplase kite lakay yo pou dòmi lòt kote.
 - Fondasyon Je Klere (FJKL) te fè yon rapò ankèt pwovizwa ki pote non : « Sitiyasyon laterè nan Lasalin – Situation de terreur à la Saline » jou ki te 16 novanm 2018 la. Yo rele sa ki te pase nan Lasalin yon « masak ». Nan rapò a, FJKL di li rejistre 25 moun ki mouri, men yo di tou chif la pa bay tout reyalite a.
 - Sant Analiz ak Rechèch nan zafè Dwa Moun (CARDH), pale sou : « Masak nan Lasalin, Vyolasyon dwa moun ak nesosite yon entèvansyon imanité ». Rapò a parèt jou ki 10 desanm 2018 la. CARDH di li rejistre kat (4) fanm ki te vyole pandan masak la ak 38 moun ki mouri.

- Ofis Pwoteksyon Sitwayen ak Sitwayèn (OPC) pa bay chif sou sa ki te pase nan Lasalin nan. Yo fè konnen tou, konsta jijdepè yo te fè pa t pèmèt yo bay chif. Jij depè yo te konstate moso kadav sou plas, san yo pa t kapab idantifye viktim yo.
- Pou sa ki konsène Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nou obsève ak rejistre pou mwa novanm 2018 la, 130 ka moun ki mouri ak zak vyolans, pami yo 108 se ak bal yo mouri epi 13 lòt ak zam blanch. Nan 130 ka moun ki mouri, 90 ka se nan komin Pòtoprens (54 pou Lasalin, 7 pou Waf Jeremi, 15 pou Matisan), youn (1) nan komin Site Solèy, twa (3) nan komin Kafou, nèf (9) nan komin Dèlma, youn (1) nan komin Petyon-Vil (wout Frè), 26 nan komin Kwadèboukè.

Pou rantre pi fon nan analiz yo

1. Sou sa ki konsène otè zak vyolans sa yo

An jeneral, rapò yo lonje dwèt sou lagè ant gang ak gang pou kontwole mache piblik yo, paske se yon sous richès li ye pou gang yo menm.

Li pa fasil pou idantifye lòt otè ak konplis yo. Kesyon an poze sitou sou konplisite manm lapolis nan sa ki te pase a. Pa gen anpil ka kote moun k ap obsève yo lonje dwèt sou lapolis dirèk. Nan ka sa k te pase Lasalin, temwen yo te konstate nan mitan kriminel yo, te gen moun ki te pote inifòm lapolis (BOID), ki ta vle fè kwè se manm lapolis yo ye.

Rapò RNDDH lonje dwèt direktman sou 2 polisye, Gregory ANTOINE, alias Ti Grèg, ak Jimmy CHERIZIER, alias Barbecue. Touswit apre yo te fin pibliye rapò a, Enspeksyon Jeneral Lapolis la fè konnen depi kèk tan polisye Jimmy CHERIZIER pa ta nan lapolis la ankò.

2. Rapò kèk ajan lapolis genyen ak gwoup gang yo

Anpil moun nan sosyete a, akize plizyè manm nan enstitisyon lapolis la ki ta genyen relasyon sere sere ak gwoup gang yo nan peyi a. Genyen menm polisye ki ta oswa chèf yon gwoup gang, oswa ki manm nan yon gwoup gang. Nou kapab site kòm egzanp gwoup gang tou pwisan ki pote non Baz Pilat k ap feraye nan zòn premye avni Bòlòs nan Pòtoprens. Gwoup gang sila a, gen move repitasyon depi plizyè lane. Paske selon anpil pawòl k ap pale, plizyè manm lapolis ta manm nan gang Baz Pilat sa a.

Nan dènye evènman ki pase yo, yo akize gen manm nan gwoup gang ki te pote inifòm lapolis nan kèk operasyon, epitou se te machin lapolis menm ki te mennen moun sa yo vini. Nan ka sa a, enstitisyon lapolis la reskonsab dirèk (sa vle di li tounen otè krim yo) zak kriminel k ap fèt yo, si li pa pran distans li ak pratik sila yo. Si pa gen sanksyon ki pran kont tout moun k ap itilize inifòm, zam, ak machin enstitisyon lapolis la pou fè krim nan mitan popilasyon an enben sa kapab frajilize lapolis la. Sanksyon sa yo dwe piblik, paske se repitasyon enstitisyon lapolis menm pratik sa yo ap avili.

3. Fason kèk otorite mele nan reyalite vyolans lan

Menm akizasyon ki genyen kont kèk ajan nan enstitisyon Lapolis la, se menm akizasyon sa yo tou ki genyen kont kèk lòt otorite nan peyi a. Otorite sa yo konn gen relasyon dirèk dirèk ak gwoup gang yo, yo konn sèvi ak yo pou kontwòle espas ak prepare eleksyon pou yo. Epitou ba yo lajan, zam ak bal. Sa konn pèmèt gwoup gang yo ki kontwòle teritwa bò lakay yo fè biznis sou do popilasyon an, peze souse popilasyon an ak ranmase lajan nan men kòmèsan ak timachann nan lokalite a.

Klamè piblik toujou akize kèk otorite nan diferan nivo nan Leta a, paske yo konn konplis ak gwo chèf gang k ap simen latwoubly nan peyi a. Pafwa otorite sa yo konn ede gwo chèf gang yo chape nan moman lapolis ap fè entèkansyon l, nou kapab site kòm egzanp akizasyon senatè Joseph LAMBERT te fè sou depite twazyèm sikonskripsyon Pòtoprens lan Bélizaire PRINTEMPS sou kijan li te ede chèf gang Arnel JOSEPH chape nan men lapolis atravè yon machin ofisyèl nan Vilaj Dedyé Matisan. Pafwa tou, yo konn akize gwo entèkansyon aktè ak aktris politik yo pou fè libere yon bandi ki sou kont lajistis. Pafwa konn gen konplisite ant aktè ak aktris politik yo ak lapolis ki konn sèvi ak bandi ki nan prizon pou fè regleman kont. Bagay sa yo fè nou konprann ki nivo imoralite ak mank etik anpil nan otorite k ap dirije peyi a.

4. Yon kesyon langaj : chèf gang, militan politik oubyen byenfetè sosyal

Li enpòtan pou nou gade kijan pawòl kèk moun anndan sosyete a konn chanje selon pozisyon politik yo. Yon moun ki nan yon gwoup gang, se yon moun ki pote zam ilegal epi ki otè anpil zak sasinay sou lòt moun nan sosyete a. Anpil fwa, gang sa yo konn konvèti tèt yo kòm militan politik pou sèvi kòz politik yon kouran politik byen defini anndan peyi a. Fòk nou di tou, gouvènman yo konn itilize gang sa yo. Menm jan an tou, opozisyon an konn itilize gang sa yo tou. Nou kapab site kòm egzanp, arestasyon « bout Jan Jan » ki te blese ak bal nan kad yon afwontman gang ak gang epi ki t al pran swen nan lopital Bèna Mez. Men « bout Jan Jan », pou anpil moun li klè se yon chèf gang, pou kèk lòt moun se yon militan politik.

Nou pa gen dout sou sa, lavi chak moun merite pou yo pwoteje l, tou senpleman paske yo se moun. Menm si moun nan li menm pa respekte lavi lòt moun parèy li nan fè gwo zak kriminel. Chak moun merite respè ak pwoteksyon. Lè lavi li andanje, li merite tout pwoteksyon ak garanti chak moun merite jwenn.

Nan peyi a nou fè chwa demokrasi kòm rejim politik pou mennen nou, men tou demokrasi a mande anpil sakrifis. Se poutèt sa, li nesè pou tout moun k ap fè politik anndan peyi a pratike lonètete. Medya yo tou (près pale ak ekri sitou...) dwe pratike plis lonètete nan jan y ap fè repòtaj yo, sitou lè gen anpil tansyon, manifestasyon nan lari a.

5. Neglijans nan tan pase yo ak responsabilite Leta jodi a

Nòt OPC sou vyolans nan Lasalin atire atansyon sou responsablite Leta ki pa t janm pran mezi, men ki te pèmèt fenomèn gang yo devlope nan sosyete a.

Nou reprann sa k ekri nan nòt la :

Nou dwe di si nan epòk lane 1990 yo, Leta Ayisyen te pran responsablite li genyen kòm Leta kont chèf gang ki te la yo nan epòk la (Ronald Bèbè, Ronald Cadavre, Labannièr pou bay non sa yo sèlman), ki san kè sote pou sanksyon, pou yo te ka kontwòl katye pòv yo nan domèn politik ak ekonomik, ki t ap fè lagè antre yo, san pitye, ki t ap touye moun yon fason ki tounen jodi a fason yo konn fè, sa ta fè yo pa tounen yon modèl ak yon moun rich nan je jèn yo nan katye defavorize yo ; sa ta anpeche yo jwenn moun ki imite yo e konsa yo tounen yon pepinyè pou pwòp ajisman yo. Sa ede n konprann jouk jounen jodi a yo toujou ap komèt krim sa yo san pa gen swivi penal, san lajistis pa pouswiv yo. Kòm egzanp : jan yo te libere chèf gang ki pa la ankò nan Gran Ravin ki rele Romélien Saint Jean, alyas « Tèt Kale », epi yon lòt chèf gang asasinan l san l pa pè di se li k fè l.

Sa k boulevèse n pi plis toujou, se lè n wè se gang sa yo menm ki te sous pakèt moun yo touye, divès asasinay yo, kidnapin, anlèvman tout jan kont popilasyon Ayisyen an, men sitou kont moun k ap viv nan menm katye avèk yo, epi yo te jwenn posibilite pou rekrute fasilman sa yo rele « sòlda » nan lòt katye pòv, yon fason espesyal nan Site Solèy. Nan zòn sa yo yo pa respekte dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo, moun yo viv nan kondisyon lavi ki deplorab, ki pa fèt pou moun viv ladan yo, moun pa dwe aksepte yo; tout sa kreye yon seri kondisyon kote kriminalite tout jan kapab fleri. Plis toujou, sityasyon vilnerabilite sa a fè yo kapab eksplwate fasilman sitwayen ak sitwayèn yo k ap viv nan katye sa yo.

Istwa gang yo nan peyi a konplèks. Nou pa dwe antre nan akize tèl ou tèl gouvènman. Nou ansiste sou Leta ki dwe pran responsablite l, atravè Gouvènman l. Entèvansyon represif pou kont pa l pa p regle kesyon an, si an menm tan Leta pa òganize l pou rezoud diferan kesyon sosyal, ekonomik ki poze nan diferan katye yo.

An menm tan nou atire atansyon Gouvènman an sou responsablite l genyen tou parapò ak popilasyon yo ki viktim prezans gang yo, lagè ant gang, epitou entèvansyon lapolis pou retabli lòd nan diferan katye yo.

- Moun Matisan blije kite zòn nan ;
- Moun Lasalin al viv kòm refijye entèn sou plas Ditali ;
- Moun Kafou Fèy blije al dòmi sou Chann Mas ak nan lakou Lopital Jjeneral.

Leta gen devwa pou asire sekirite yo, epi pou asiste yo jouk yo kapab retounen lakay yo.

6. Respè dwa moun nan tout sikonstans :

Prensip respè defans dwa moun, se toujou : tout dwa pou tout moun. Lalwa defini kad la pou sa kapab fèt. Tout moun gen dwa pou manifeste, lalwa bay kad la. Lapolis dwe arete kriminèl, men lalwa di ki jan sa dwe fèt pou yo pa pile dwa libète chak moun genyen, epi pou asire pa gen lòt moun ki viktim. Prensip la la tou pou Lapolis nan jan l asire lòd nan peyi a. Li pa dwe tounen yon zouti represyon oubyen yon zouti politik nan men Egzekitif la.

- Lè « bout Jean Jean », klamè piblik la akize pou zak kriminel, epi li pran swen nan yon lopital, yo pa dwe arete l nenpòt jan, men se devwa lapolis pou arete l. An menm tan, espas lopital la merite yon pwoteksyon chak moun dwe respekte.
- Nan manifestasyon kote k gen vyolans, lapolis fasil ap fè arimaj, kontwòl idantite, gadavi. Tout sa dwe fèt nan respè dwa moun. Konbyen moun yo arete nan arimaj, yo akize asosyasyon malfektè ki rete nan prizon san pa janm genyen yon akizasyon konkrè, alewè yon jijman.

Rekòmandasyon Komisyon Jistis ak Lapè

a) Pou sa ki gen awè ak lese frape ant gang ak gang :

Se pou Ministè Lajistis ak Lapolis Nasyonal la pran bon jan dispozisyon bò kote yo chak apa pou rezoud zafè gwoup gang yo k ap simaye dèy toulèjou anndan sosyete a. De (2) antite sa yo dwe travay youn ak lòt.

b) Pou sa ki gen awè ak sèvis debaz popilasyon an dwe jwenn nan tout sikonstans :

Leta ayisyen dwe asire yon ansanm bezwen konsa, dwe gen lekòl klasik ak lekòl pwofesyonèl, dwe gen bon jan dlo pwòp pou popilasyon an bwè, dwe gen kouran elektrik, dwe gen bon jan pwogram ki kapab ede jèn yo nan devlopman sikososyal yo, dwe gen sèvis sante pou evite pwopagasyon tout kalte maladi. Angwo, Leta Ayisyen dwe pran kontwòl espas jewografik kote popilasyon an ap viv la epi li dwe reponn ak diferan bezwen li yo.

c) Pou sa ki gen awè ak Majistra kominal yo :

Majistra kominal yo dwe travay :

- 1) Pou reponn ak bezwen debaz popilasyon ki nan komin nan ;
- 2) Pou kontrekare bandi k ap simaye dèy ak latwoublay atravè zak kriminel y ap fè nan komin nan. Epitou, Majistra kominal yo pa dwe nan konfyolo ak bandi.

d) Pou sa ki gen awè ak Lapolis Nasyonal la :

Enspeksyon Jeneral Lapolis la dwe pran sanksyon kont manm li yo k ap fè abi pouvwa sou moun, manm li yo ki mele nan zak vyolans, ki nan gwoup gang, ki nan trafik dwòg ak ki nan koripsyon. Lapolis la dwe konnen se popilasyon an ki dwe premye alye li.

e) Pou sa ki gen awè ak sa ki te pase nan Lasalin nan :

Gouvènman Moïse-Céant an dwe mete kanpe yon komisyon ankèt endepandan ak twa tèt, k ap gen ladann reprezantan Ministè Jistis, reprezantan Lapolis Nasyonal la ak reprezantan òganizasyon nan sosyete sivil la yon mannyè pou fè limyè sou sa ki te pase a epi kondane tout moun ki ta gen men yo tranpe nan zak kriminel sila a.

(Version française)

Points saillants du dernier trimestre de 2018


Pour le quatrième trimestre de 2018, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix a enregistré 264 cas de morts suite à la violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Parmi eux : 231 morts par balle. Pour toute l'année 2018, on a enregistré 819 cas, dont 651 de morts par balles et 29 par arme blanche (ce qui fait 680 assassinats), 119 suite à un accident de voiture ou de moto, 5 victimes de mauvais temps, 6 suicides et 9 cas où la cause de la mort n'a pas été identifiée.

La Commission est bien consciente qu'il est impossible d'avoir connaissance de tous les cas de mort violente dans la zone métropolitaine, mais elle est convaincue que ces données peuvent être utiles pour toute autorité responsable dans l'élaboration d'un plan de sécurité qui soit plus à la hauteur de la réalité du pays que le plan en vigueur actuellement.

Les constats :

1. Si on fait un regard en arrière sur les deux dernières (2) années, la Commission constate que la violence dans la zone métropolitaine a fait un nouveau bond ces derniers mois. Par le passé on a documenté dans certaines périodes 2 homicides avec armes à feu par jour. Le dernier mois de novembre la moyenne était de trois morts par balle chaque jour.
2. Depuis quelques années, on avait constaté que le phénomène de l'insécurité et de la criminalité semblait moins lié à des quartiers en particulier, mais était devenue plus diffuse et générale. En ce moment, la grande violence de la fin de 2018 se situe clairement dans des quartiers de la ville de Port-au-Prince, comme à Martissant et plus récemment à La Saline. Une autre zone où la violence prend pied est Canaan dans la commune de la Croix des Bouquets. La question est évidemment comment comprendre ces constats ?

Le tableau suivant compare les chiffres des années 2017 et 2018



3. La Commission constate que le mois de novembre 2018 dépasse de loin tous les autres mois de l'année, surtout avec les événements à La Saline. Ces faits révoltants ont provoqué la réaction de plusieurs organisations des droits humains, et les a poussé à produire un rapport d'enquête.
- Le RNDDH (Réseau national de Défense des Droits humains), dans un rapport publié le 1 décembre 2018, qualifie les actes comme un « massacre d'Etat ». Dans ce rapport d'enquête le RNDDH fait état de 59 morts sur place et 12 autres morts avant le 13 novembre 2018 ; ce qui fait un total de 71 victimes. On note en plus 4 femmes violées par des individus armés, un nombre de blessés et des victimes d'autres actes perpétrés. Les faits ont provoqué le déplacement de nombreuses personnes qui ont laissé leur maison pour chercher un abri ailleurs.
 - La Fondation Je Klere (FJKL) a publié un rapport préliminaire le 16 novembre 2018, qui porte comme titre : « Situation de terreur à la Saline ». La Fondation qualifie les événements de La saline de « massacre ». Dans ce rapport, FJKL fait mention de 25 morts, mais ce chiffre ne couvre pas toute la réalité.
 - Le CARDH (Centre d'Analyse et de Recherche pour les Droits Humains) parle de : « Massacre à La Saline, violation des droits humains et nécessité d'une intervention humanitaire. » Le rapport est daté du 10 décembre 2018. Il fait mention de 4 femmes violées, à côté des 38 morts victimes du massacre.

- L'Office de la Protection du Citoyen (OPC) ne donne pas de chiffres de victimes. Il mentionne que cela n'est pas possible à partir du constat du juge de paix. Ce dernier a même fait état de morceaux de cadavres qui se trouvaient sur place, et l'impossibilité de les identifier.
- Pour ce qui concerne la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix, elle a observé et enregistré pour le mois de novembre un total de 130 morts par la violence ; dont 108 sont des victimes de balles et 13 de l'arme blanche. De ces 130 victimes, 89 sont tombées dans la commune de Port-au-Prince : 54 à La Saline, 7 au Wharf Jérémie, 9 dans la commune de Delmas, 1 à Pétiou Ville (route de Frères), 26 dans la commune de la Croix des Bouquets.

Approfondissement de l'analyse

1. Sur les auteurs des actes de violence :

En général, les rapports indexent la guerre entre les gangs armés pour le contrôle des marchés publics comme la cause principale de la violence, parce que le contrôle de ces marchés représente une richesse pour le gang qui contrôle la zone.

Il est difficile d'identifier les autres auteurs et complices. La question se pose surtout sur la possible complicité de certains membres de la police dans les événements. Il est rare que des observateurs et observatrices pointent directement la police du doigt.

Dans les événements de La Saline, des témoins ont constaté la présence de personnes habillées de l'uniforme des BOID parmi les criminels ; ce qui pourrait faire croire qu'il s'agirait de membres de ce corps de la police.

Le rapport du RNDDH accuse directement deux policiers, notamment Gregory ANTOINE, alias Ti Grèg, et Jimmy CHERIZIER, alias Barbecue, comme complices. Toute de suite après la parution du rapport, l'Inspection Générale de la Police a fait savoir que depuis quelque temps déjà le policier Jimmy CHERIZIER n'est plus un membre de la police.

2. Complicité entre quelques agents de police et des groupes de gangs

Bon nombre de citoyens et citoyennes accusent des membres de la police de complicité profonde avec des groupes armés ou gang dans le pays. Des policiers seraient même chefs de gang, ou bien ils seraient membres d'un groupe armé. Le puissant gang de Base Pilate qui opère dans la zone du Premier Avenue Bolosse à Port-au-Prince servirait comme exemple ou comme preuve de cette affirmation. Ce gang s'est d'ailleurs fait une mauvaise réputation depuis quelques années, à cause du fait qu'il intégrerait un nombre important de policiers.

Lors des derniers événements, on a observé l'usage d'uniformes de policiers par des membres de gangs lors de certaines opérations ; parfois on aurait fait usage de matériel roulant de la police pour emmener les acteurs. Dans ces cas, d'après la Commission, la police devient directement

responsable ou bien auteur du crime, s'il ne se distancie pas clairement de ces pratiques, si les faits mentionnés n'entraînent pas des sanctions à l'encontre des auteurs, parce que ces faits conduiraient inévitablement à l'affaiblissement de l'institution policière. Quand la police prend des sanctions, elles doivent être publiques, parce qu'il s'agit de l'image de la police qui est terni par ces pratiques.

3. Implication de certaines autorités dans les actes de violence

L'accusation formulée contre des membres de la police, se répète contre d'autres autorités de l'Etat qui entretiendraient des relations directes avec des groupes de gangs ; elles se serviraient de groupes armés pour contrôler des espaces et pour préparer des élections ; elles les fournissent de l'argent, armes et munitions. Ceci permet aux groupes armés de contrôler leur zone, d'exercer des pressions sur la population, de faire des extorsions et collecter de l'argent des commerçants et détaillants de la zone pour assurer leur sécurité.

La clameur publique est claire et accuse des autorités même au plus haut niveau de l'Etat qui seraient de connivence avec des chefs de gangs qui causent des troubles dans les quartiers. Il arriverait que ces mêmes autorités informent leurs amis bandits des interventions que la police prépare afin de les permettent de s'échapper au moment des interventions policières. Un exemple est l'accusation du sénateur Joseph LAMBERT à l'encontre du député de la troisième circonscription de Port-au-Prince, Bélizaire PRINTEMPS, concernant la façon dont le chef de gang Arnel JOSEPH, s'est évadé à l'aide une voiture officielle (avec immatriculation OF) du bidonville Village de Dieu à Martissant.

D'autres accusations concernent les interventions des acteurs et actrices politiques pour obtenir la libération des bandits qui se trouvent entre les mains de la justice. Il pourrait y avoir même de complicités avec la police (des membres du corps) afin de se servir de bandits qui se trouvent en prison pour des règlements de comptes. Toutes ces rumeurs et accusations sont extrêmement graves. Elles illustrent le niveau d'immoralité et le manque d'éthique élémentaire chez bon nombre des autorités qui dirigent au plus haut niveau de l'Etat. Des clameurs publiques de ce genre demanderait bien une action d'interpellation de la part des parquets, qui aiment à se désigner comme les protecteurs ou avocats de la société. Mais là aussi, l'inaction est totale.

4. Membre de gang, militant politique ou bienfaiteur social ?

Il est important de veiller le langage dont on se sert en ces moments de crise, selon la position politique de l'interlocuteur. Un membre de gang qui porte des armes illégales, qui commet des assassinats dans la société, devient militant politique selon qu'il sert tel ou tel cause. Ce constat concerne ni l'opposition ni le gouvernement.

Il est important de faire remarquer le changement dans le sens social donné aux paroles selon la position politique de l'interlocuteur. Le membre d'un gang armé est celui qui porte une arme illégalement et qui peut commettre de nombreux actes criminels et même des assassinats. Dans de nombreuses circonstances ces gangs peuvent se convertir en militants pour une cause politique ou un courant politique connu dans le pays. A vrai dire aussi bien le gouvernement que

l'opposition se sert de gangs de cette façon pour faire avancer leur position. Prenons l'exemple de l'arrestation de « bout Jan Jan », blessé par balle lors d'un affrontement entre gangs et qui prenait soin dans l'hôpital Bernard Mevs. Dans l'opinion publique, « bout Jan Jan » est un chef de gang, pour d'autres commentateurs il devenait un militant politique qui ne commettait aucun acte illégal.

La Commission est claire : il faut protéger la vie de tous et de toutes, pour la simple raison qu'il s'agit d'une personne humaine. Même si une personne ne respecte pas la vie des autres, de ces concitoyens et concitoyennes, et est auteur d'actes criminels. Chaque personne a droit au respect et à la protection quand sa vie est en danger, comme tout le monde. Ce qui n'empêche pas qu'une fois que sa vie est hors de danger, la police et la justice peuvent et ont le devoir de faire valoir ce qui est leur devoir.

Dans ce pays, on a fait le choix de la démocratie comme système ou régime politique pour gérer la société, mais la démocratie ne va pas de soi, elle est soumise à des règles et impose des sacrifices. C'est la raison pour laquelle ceux et celles qui prétendent faire de la politique doivent pratiquer davantage d'honnêteté. Les médias également (la presse parlée et la presse écrite) doivent chercher scrupuleusement la vérité des faits lors des reportages, surtout lors des grandes tensions sociales et manifestations de rue. La distinction entre le rapportage des faits et l'analyse ou l'interprétation qu'on donne, s'impose donc.

5. Des négligences dans le passé et la responsabilité de l'Etat

Une note de l'OPC (Office de la Protection du Citoyen) sur les événements de La Saline attire l'attention sur la responsabilité de l'Etat qui a permis au gangstérisme de se développer dans la société, sans qu'aucune mesure n'ait été prise. Relisons la note :

En effet, si, au milieu des années 90, l'Etat Haïtien avait pris ses responsabilités régaliennes contre des chefs de gangs d'alors (Ronald Bèbè, Ronald Cadavre, Labannière pour ne citer que ceux-là, qui en toute impunité, pour supposément le contrôle politique et économique de certains quartiers défavorisés, s'entre-attaquèrent dans des luttes fratricides sans merci et perpétrèrent des tueries qui sont devenues aujourd'hui leur mode opératoire, cela aurait pu les empêcher non seulement de devenir des modèles et des mécènes pour des jeunes des quartiers défavorisés, mais aussi de se faire des adeptes au point d'entretenir leur propre pépinière. Ceci s'explique par le fait que jusqu'à date ces crimes ont été perpétrés et continuent d'être perpétrés sans qualification pénale ni poursuite judiciaire. A titre d'exemple la libération du feu chef de gang de Grand Ravine Romélien Saint Jean, alias « Tèt Kale », puis son assassinat auto revendiqué par un autre chef de gang.

Encore plus troublant, est le fait que ces gangs qui sont à l'origine de nombreuses tueries, assassinats, enlèvements et disparitions forcées, à l'encontre de la population haïtienne en général, mais, plus précisément, celle de leurs quartiers respectifs, ont la latitude, voire la facilité de recruter des « soldats » dans d'autres quartiers pauvres, notamment à Cité Soleil. Le non-respect des droits sociaux, économiques et culturels, les conditions de vie des populations vivant dans ces zones sont déplorables,

inhumaines, inacceptables et constituent un terrain favorable à toutes sortes de criminalité. De plus, cette situation de vulnérabilité expose les citoyens et citoyennes des quartiers à toutes les formes d'exploitations.

L'histoire des gangs dans le pays, certes, est complexe et cela ne sert à rien d'accuser tel ou tel gouvernement en particulier. La Commission par contre insiste sur la responsabilité de l'Etat à travers son Gouvernement.

En même temps, la Commission attire l'attention sur la responsabilité du Gouvernement par rapport à la population victime de la présence des gangs, la guerre entre gangs, et de l'intervention policière pour rétablir l'ordre (comme on dit) dans les quartiers. Les conséquences des présences des groupes armés, tout comme des interventions policières sont énormes pour la population :

- Des habitants de Martissant se voient contraints de quitter la zone ;
- Des habitants de La saline sont allés se réfugier, comme des déplacés internes, sur la place d'Italie ;
- Des habitants de Carrefour Feuilles ont passé la nuit au Champs de Mars et sur la cour de l'Hôpital général.

L'Etat est responsable de leur sécurité, et leur doit assistance et soutien jusqu'au moment qu'ils sont en mesure de regagner leur maison et quartier.

6. Respecter les droits humains dans toute circonstance

Le principe qui guide la défense des droits humains est clair : tous les droits sont pour tous et pour toutes. La loi définit un cadre. Tous ont le droit de manifester, la loi en trace le cadre. La police a le devoir d'arrêter les criminels, mais la loi définit la procédure à suivre afin de garantir les libertés de tous et de toutes, et pour éviter que des innocentes sont victimes. Ce principe doit guider la Police dans son travail de maintien de l'ordre et prévenir qu'elle ne devienne un instrument de répression politique entre les mains de l'exécutif.

- La clameur publique accuse « Bout Jean Jean » pour des actes criminels. Blessé lors d'un échange de tirs, il a droit à des soins médicaux. La police a le devoir de l'arrêter, mais cela ne peut se faire n'importe comment. L'enceinte de l'hôpital doit être respecté comme un sanctuaire par tous et toutes contre tout acte de violence.
- Lors des manifestations où des actes de violence se produisent, la police a facilement recours à des arrimages, des contrôles d'identité et détient des gens en garde à vue. Tout cela doit se faire dans le plus grand respect pour les droits des personnes. Combien de personnes arrêtées lors des actes d'arrimages sont accusées en après d'association de malfaiteurs et restent en prison sans accusation précise, pour ne pas dire sans jugement ?

Recommandations de la Commission Justice et Paix

- a) En ce qui concerne la guerre entre gangs et l'activité des groupes armés en général :
- Le Ministère de la Justice et la Police Nationale doivent être conscients que la solution de ce problème revient à eux-mêmes.
 - La collaboration entre le Ministère et la Police doit être renforcée.
- b) En ce qui concerne le droit de la population d'avoir accès aux services de base à chaque instant :
- L'Etat Haïtien doit répondre à un ensemble de besoin fondamentaux de la population, comme : des écoles classiques et professionnelles, de l'eau potable dans les quartiers, de l'électricité, des programmes pour aider les jeunes dans leur développement psychologique et social, des services de santé pour prévenir la propagation des maladies.
 - L'Etat Haïtien doit avoir le contrôle des espaces où vit et évolue la population. Il est totalement inutile de combattre les gangs sans qu'il y ait un travail sérieux pour affirmer la présence de l'Etat qui prend en main les services de base dont a besoin la population.
- c) En ce qui concerne la responsabilité des Magistrats communaux :
